

# Griy Notasyon Povrete a Ayiti Simple Poverty Scorecard<sup>®</sup> Haiti

Mark Schreiner

28 me 2016

Ce document est disponible en Français sur [SimplePovertyScorecard.com](http://SimplePovertyScorecard.com).

This document is available in English at [SimplePovertyScorecard.com](http://SimplePovertyScorecard.com).

Ou ka jwenn dokiman sa a an Kreyòl sou sit [SimplePovertyScorecard.com](http://SimplePovertyScorecard.com).

## Rezime

Griy Notasyon Povrete a, li estime pwobabilite pou yon menaj Ayiti gen depans konsomasyon ki anba yon sèy povrete ki konsidere. Griy sila a sèvi ak onz endikatè senp e ki pa koute chè ke yo tire nan Ankèt sou Kondisyon Vi Fanmi\* yo Aprè Tranbleman Tè a ke yo te kondui an 2012. Yo kapab administre li a menaj la nan plizoumwèn dis minit. Yo tabli presizyon zouti sa a pou yon gam sèy povrete. Griy Notasyon Povrete a se yon mwayen pratik pwogram ki enterese nan amelyorasyon nivo povrete a ann Ayiti kapab itilize pou yo mezire to povrete patisipan nan pwogram sa a yo, suiv evolasyon to povrete a pandan tan ap pase, epi divize patisipan yo an segman pou yo kapab ofri yo sèvis ki diferansye.

## Nòt sou Vèsyon an

Griy sila a se yon mizajou griy ki te vini anvan li an (Schreiner, 2006a) ke yo te konstwi avèk done Ankèt sou Kondisyon Vi yo ann Ayiti ki te reyalize an 2001. Se li-menm moun fèt pou itilize apati kounye a. Estimasyon yo rive jwenn apati de vèsyon sa a yo, moun pa ka konpare yo paske yo te konstwi yo apati definisyon *povrete* ki diferan.

## Remèsiman

Se Grameen Foundation (GF) ki te finanse etid sa a. Done debaz yo, se Obsèvatwa Nasyonal Povrete ak Esklizyon Sosyal ak Enstiti Ayisyen Estastistik ak Enfòmasyon ki te founi yo. Li enpòtan anpil pou mwen pou mwen remèsye Shirley Augustin, FONKOZE, KNFP, Federica Marzo, Julie Peachey, Sharada Ramanathan, Carine Roenen, Thiago Scot, ak Schmied St. Fleur. Griy Notasyon Povrete a se menm zouti ak sa GF rele « Progress out of Poverty Index<sup>®</sup> ». PPI<sup>®</sup> a se yon zouti jesyon GF fè pwomosyon li pou ede enstitisyon yo atenn pi efikasan objektif sosyal yo genyen. Gen materyèl aprantisaj ak resous ki an rapò avèk PPI a, moun ka jwenn yo sou [progressoutofpoverty.org](http://progressoutofpoverty.org). Moun ki reyalize tradiksyon dokiman sa a, soti nan angle ak franse pou ale nan kreyòl, se Herwin Donald Robergeau, [agrotraducteur@gmail.com](mailto:agrotraducteur@gmail.com). Copyright © 2017 Mark Schreiner. All rights reserved.

## Otè

Mark Schreiner se Direktè « Microfinance Risk Management, L.L.C. » (Jesyon Risk Mikwofinans) e li se Chèchè Sènyò nan « Center for Social Development, Washington University in St. Louis » (Sant pou Devlopman Sosyal, Inivèsite Wachintonn nan Senlwi).

# Griy Notasyon Povrete a

Kòd ID entèvyou a: _____	<b><u>Non ak prenon</u></b>	<b><u>Referans Idantite</u></b>
Dat ankèt: _____	Patisipan: _____	_____
Peyi: HTI	Ajan: _____	_____
Griy: 002	Ajans: _____	_____
Pwa echantiyonaj: _____	Konbyen moun fanmi* an genyen: _____	

Endikatè	Repons	Nòt	Score
1. Nan ki departman fanmi* an abite ?	A. Lwès, oswa Grandans B. Sant, oswa Nòdès C. Nòdwès, oswa Sid D. Latibonit, oswa Nip E. Nò, oswa Sidès	0 3 4 7 10	
2. Konbyen moun fanmi* an genyen ?	A. Uit oswa plis B. Sèt C. Sis D. Senk E. Kat F. Twa G. Youn, oswa de	0 4 9 9 14 18 32	
3. Nan semèn ki sot pase a, konbyen manm fanmi* an ki gen 10 lane e plis ki te travay menm si se te sèlman yon sèl èdtan ?	A. Okenn B. Youn C. De oswa plis	0 2 4	
4. Nan semèn ki sot pase a, fanm ki chèf fanmi* an oubyen madanm chèf fanmi* an, èske li te travay menm si se te sèlman yon sèl èdtan ?	A. Non B. Wi C. Pa gen fanm ki chèf fanmi* ni madanm chèf fanmi*	0 4 7	
5. Fanm ki chèf fanmi* an oswa madanm chèf fanmi* an, èske li konn li ak ekri ?	A. Non, oswa pa gen fanm ki chèf fanmi* ni madanm chèf fanmi* B. Wi	0 3	
6. Gason ki chèf fanmi* an, èske li konn li ak ekri ?	A. Non B. Pa gen gason ki chèf fanmi* C. Wi	0 2 4	
7. Ak ki materyo ou plis wè tèt kay la fèt ?	A. San tèt (kanpmam), oswa tach/pay B. Tòl, oswa plastik C. Siman/beton, til/adwaz, oswa lòt	0 4 12	
8. Ki bò fanmi* an plis pran dlo pou l bwè ?	A. Sous dlo, dlo sifas (rivyè, lak, ma, flèv, baraj), pi atezyen/foraj, dlo lapli, fontèn piblik, oswa dlo ki pa trete (kamyon, boutèy, sachè, basen, galon) B. Pi, wobinè prive/DINEPA, oswa dlo trete (kyòsk, kamyon, boutèy, sachè, basen, galon)	0 7	
9. Kisa nou plis itilize pou kwit manje ?	A. Bwa/pay, oswa lòt B. Chabon bwa, recho solèy, gaz pwopàn, elektrisite (kouran), oswa kewozèn (gaz blan)	0 8	
10. Èske kay* la oubyen yon moun nan kay* la gen yon recho (recho chabon/recho bwa) ?	A. Non B. Wi	0 6	
11. Èske kay* la oubyen yon moun nan kay* la gen yon radyo ?	A. Non B. Wi	0 7	

Mo fanmi\* ak kay\* avèk asterisk («\*») la (ti etwal la), yo itilize yo nan sans menaj.  
SimplePovertyScorecard.com

Score:

## Pòsyon fòmilè ki nan do fèy la :

### Prenon ak laj manm menaj yo ak eta travay yo pandan semèn ki sot pase a

Kòmanse ranpli antèt la an premye, pandan w ap fè sa, ekri kòd idantifyan inik entèvyou a (si kòd la disponib), dat entèvyou a, ak pwa echantyonaj moun y ap ankete a (si pwa a disponib). Ansuit, anrejistre prenon yo, referans idantite patisipan an (ki kapab diferan de moun y ap ankete a), referans ou-menm kòm ajan anketè, epi referans ajans/pwen sèvis òganism ke patisipan an an relasyon avèk li a.

Pou premye kesyon griy la, sèke repons ki koresponn a depatman kote menaj la abite a.

Ansuit, prezante w bay chèf menaj la pandan ou di l : *Èske w ka pale m de tout moun ki nan fanmi\* w lan, w ap kòmanse pa pwòp tèt ou ? Fanmi\* an se tout moun—ki paran oswa ki pa paran—ki viv òdinèman nan menm kay la, ki mete resous yo ansanm, ki manje nan menm manje ki prepare a, e ki rekonèt otorite menm moun nan kòm chèf fanmi\* an. Pou kapab manm fanmi\* an, ou dwe viv avèk fanmi\* an depi omwen 6 mwa oswa w ap viv nan fanmi\* an kounye a avèk entansyon pou w rete omwen 6 mwa. Yon moun ki te absan nan fanmi\* an pandan plis pase twa mwa, moun sa a pa konte kòm manm fanmi\* an.*

Ekri prenon (oswa ti non jwèt) ak laj chaj manm, epi kenbe nan tèt ou prenon gason ki chèf menaj la ak prenon fanm ki chèf menaj la oswa madanm chèf menaj la, pou pwòp itilizasyon pa w nan tan k ap vini yo. Note ki kantite moun menaj la genyen nan antèt griy la bò kote « Konbyen moun fanmi\* an genyen : », epi sèke repons ki apwopriye a pou dezyèm endikatè a.

Pou chak manm menaj la, ekri si li gen 10 lane e plis. Pou chak manm menaj la ki gen 10 lane e plis, mande : « <Non moun nan> èske li te travay menm si se te sèlman yon sèl èd tan, nan semèn ki sot pase a ? » Konte konbyen manm ki te travay epi sèke repons ki apwopriye a pou twazyèm endikatè a.

Anfen, sèke repons ki apwopriye a pou katriyèm endikatè a an fonksyon eta travay fanm ki chèf menaj la oswa madanm chèf menaj la.

Pa bliye gade definisyon konplè *menaj*, *manm menaj la*, ak *travay* nan « Gid entèvyou a ak sans kesyon ak repons yo ».

Prenon (oswa ti non jwèt)	Laj	<Non moun nan> èske li gen 10 lane e plis ?	Si <non moun nan> gen 10 lane e plis, èske li te travay, menm si se te sèlman yon sèl èd tan, nan semèn ki sot pase a ?
1.		Non Wi	Laj < 10 Non Wi
2.		Non Wi	Laj < 10 Non Wi
3.		Non Wi	Laj < 10 Non Wi
4.		Non Wi	Laj < 10 Non Wi
5.		Non Wi	Laj < 10 Non Wi
6.		Non Wi	Laj < 10 Non Wi
7.		Non Wi	Laj < 10 Non Wi
8.		Non Wi	Laj < 10 Non Wi
9.		Non Wi	Laj < 10 Non Wi
10.		Non Wi	Laj < 10 Non Wi
<b># Manm:</b>	—	—	<b># Manm k ap travay yo:</b>

## Konvèsyon *scores* yo an pwobabilite povrete

<i>Score</i>	Pwobabilite povrete (%)									
	Sèy Nasyonal			Mwatye ki pi pòv la			Sèy entènasyonal PPA			
	Alimantè	100%	150%	200%	anba 100% nasyonal la		\$1,25	\$2,00	\$2,50	\$5,00
0–4	100,0	100,0	100,0	100,0	100,0		100,0	100,0	100,0	100,0
5–9	87,4	100,0	100,0	100,0	83,7		87,4	100,0	100,0	100,0
10–14	83,8	97,3	99,7	100,0	83,3		85,5	97,3	97,3	100,0
15–19	62,9	95,8	99,4	100,0	69,9		70,3	93,8	96,8	100,0
20–24	56,5	94,4	99,4	99,8	61,6		61,4	88,4	96,6	99,8
25–29	51,5	94,0	98,8	99,6	55,2		54,0	87,9	96,6	99,6
30–34	32,8	83,6	95,5	98,7	38,8		35,6	72,0	86,8	99,1
35–39	22,0	76,5	93,8	98,1	32,3		27,3	62,0	79,8	99,1
40–44	13,7	62,7	90,7	96,3	20,2		15,9	47,6	69,7	97,9
45–49	7,9	44,8	77,2	90,0	15,0		10,4	30,8	49,6	92,8
50–54	5,3	40,1	72,3	89,4	12,6		6,6	26,4	47,6	89,6
55–59	1,6	27,7	65,8	80,7	7,5		2,2	19,3	31,6	82,8
60–64	0,5	16,4	48,8	71,9	2,9		1,0	8,1	20,1	74,3
65–69	0,0	8,8	28,4	54,4	1,8		0,0	4,9	11,6	60,3
70–74	0,0	4,7	16,5	42,8	1,8		0,0	1,9	5,2	47,8
75–79	0,0	2,2	11,8	35,5	0,2		0,0	1,8	2,2	38,8
80–84	0,0	0,0	8,0	17,5	0,0		0,0	0,0	0,0	22,7
85–89	0,0	0,0	3,1	6,2	0,0		0,0	0,0	0,0	10,6
90–94	0,0	0,0	0,0	5,5	0,0		0,0	0,0	0,0	7,0
95–100	0,0	0,0	0,0	5,5	0,0		0,0	0,0	0,0	7,0

# Gid entèvyou a ak sans kesyon ak repons yo

Yo pran direktiv nou pral di la a yo nan :

Enstiti Ayisyen Estatistik ak Enfòmatrik. (2012) « Màyèl Ajan Anketè a : Ankèt sou Kondisyon Vi Fanmi\* yo Aprè Tranbleman Tè a (ECVMAS Ayiti 2012) », Pòtoprens : Minisè Ekonomi ak Finans. [*Màyèl la*]

ak

Enstiti Ayisyen Estatistik ak Enfòmatrik. (2012) « Kesyonè Fanmi\* : Ankèt sou Kondisyon Vi Fanmi\* yo Aprè Tranbleman Tè a (ECVMAS Ayiti 2012) », Pòtoprens : Minisè Ekonomi ak Finans. [*Kesyonè a*]

Mo *fanmi\** ak *kay\** avèk asterisk («\*») la (ti etwal la), yo itilize yo nan sans *menaj*.

## **Etap fondamantal entèvyou a**

Ranpli antèt griy notasyon an ak pòsyon fòmilè ki nan do fèy la pandan w ap suiv enstriksyon yo bay nan pòsyon fòmilè ki nan do fèy la.

Nan antèt griy la, ekri konbyen moun ki gen nan menaj la pandan w baze w sou lis ke w te drese nan pòsyon fòmilè ki nan do fèy la.

Si w pa t gen okenn dout konsènan repons ki apwopriye a pou premye endikatè griy notasyon an (« Nan ki depatman fanmi\* an abite ? »), ebyen ou pa bezwen poze moun k ap reponn nan kesyon an ankò. Nan ka sa a, annik sèke repons ki apwopriye a pandan w baze w sou pwòp konesans pa w. Poze moun k ap reponn nan kesyon an, sèlman si w pa fin sèten konsènan depatman kote menaj la abite a.

Kesyon ki konsène dezyèm endikatè a (« Konbyen moun fanmi\* an genyen ? »), pa poze kesyon sa a dirèkteman. Pito w ekri repons ki apwopriye a pandan w baze w sou kantite total moun menaj la genyen ke w te deja ekri nan pòsyon fòmilè ki nan do fèy la.

Menm jan an, kesyon ki konsène twazyèm endikatè a (« Nan semèn ki sot pase a, konbyen manm fanmi\* an ki gen 10 lane e plis ki te travay menm si se te sèlman yon sèl èdtan ? »), pa poze kesyon sa a dirèkteman. Pito w ekri repons ki apwopriye a pandan w baze w sou kantite manm menaj la ki gen 10 lane e plis ki te travay, kantite moun sila a ke w te deja ekri nan pòsyon fòmilè ki nan do fèy la.

Pou fini, sèke repons ki apwopriye a pou katriyèm endikatè a (« Nan semèn ki sot pase a, fanm ki chèf fanmi\* an oubyen madanm chèf fanmi\* an, èske li te travay menm si se te sèlman yon sèl èdtan ? ») pandan w baze w sou eta travay fanm ki chèf menaj la oubyen madanm chèf menaj la ke w te deja ekri nan pòsyon fòmilè ki nan do fèy la.

Kesyon ki konsène senkyèm ak sizyèm endikatè griy notasyon an, poze moun k ap reponn nan kesyon sa a yo dirèkteman (« Fanm ki chèf fanmi\* an oswa madanm chèf fanmi\* an, èske li konn li ak ekri ? » epi « Gason ki chèf fanmi\* an, èske li konn li ak ekri ? »).

Kesyon ki konsène setyèm endikatè a, *pa poze moun k ap reponn nan kesyon sa a dirèkteman*. Pito w reponn kesyon sa a poukont pa w apre w fin obsève tèt kay la avèk anpil atansyon epi detèmine ak ki materyo ou plis wè tèt kay la fèt.

Pou fini, poze dirèkteman a moun k ap reponn nan kesyon ki konsène uityèm endikatè a, nevyèm lan, dizyèm lan, ak onzyèm lan.

### **Konsèy pou kondui antretyen an**

Etidye « Gid » sa a avèk anpil atansyon epi konsève li sou ou pandan travay w ap fè sou teren yo.

Li chak kesyon mo pou mo e nan lòd prezantasyon yo nan Griy Notasyon Povrete a.

Ou fèt pou note ke moun k ap reponn nan, li kapab diferan de manm menaj ki afilye avèk òganizasyon w lan.

Solisyon tout difikilte oubyen ka ki pa trete nan « Gid » sila a, yo kite ke se ajan anketè a ki jwenn solisyon sa a avèk pwòp jijman pa li paske sanble se sa yo te adopte pandan ECVMAS 2012 la ann Ayiti. Sa vle di, nenpòt òganizasyon ki chwazi itilize Griy Notasyon Povrete a, òganizasyon sa a pa ta dwe fikse definisyon oswa règleman ke ajan anketè yo dwe suiv si definisyon ak règleman sa a yo pa ekri nan « Gid » sila a. Nenpòt bagay ki pa esplike a klè, alekri nan « Gid » sa a, yo dwe kite ke se chak ajan anketè ki sèvi avèk pwòp jijman pa li osijè bagay la.

Pa li opsyon repons yo pou moun y ap ankete a, sof pou kesyon 8, 9, epi (si sa nesèsè) kesyon 7. Annik li kesyon an epi kanpe pou tann yon repons. Si moun y ap ankete a mande yon esplikasyon oubyen li ezite oubyen sanble li gen konfizyon, nan ka sa a reli kesyon an oubyen ede li pandan w baze w sou « Gid » la jan ou-menm (ajan anketè a) ou jije sa apwopriye.

Ou dwe li opsyon repons yo pou moun y ap ankete a pou kesyon 8 la (« Ki bò fanmi\* an plis pran dlo pou l bwè ? »), kesyon 9 la (« Kisa nou plis itilize pou kwit manje ? »), epi, si sa nesèsè, kesyon 7 la (« Ak ki materyo ou plis wè tèt kay la fèt ? »).

Nòmalmman, ajan anketè a ta dwe aksepte jan yo ye a repons moun y ap ankete a ba li yo. Toutfwa, si moun y ap ankete a di—oubyen ajan anketè a wè oswa santi—yon bagay ki sijere ke repons lan kapab pa reflekte laverite oubyen moun y ap ankete a gen dout parapò a repons li an oubyen moun y ap ankete a vle yon èd pou li konnen kijan pou li reponn, nan ka sa a yo ajan anketè a dwe reli kesyon an epi bay nenpòt èd li jije apwopriye pandan li baze li sou « Gid » la.

Byenke moun kapab verifye majorite endikatè Griy Notasyon Povrete a, ou pa bezwen—an jeneral—verifye repons ke moun k ap reponn nan ba ou. Ou ta kapab verifye yon repons sèlman si w santi li pa kòrèk epi verifikasyon repons sa a ta amelyore kalite done yo. Pa egzanp, ou ta kapab chwazi verifye repons lan si moun k ap reponn nan ezite oubyen sanble li sou lè nè oubyen nan ka li prezante yon siy yon moun ki sanble ap bay manti oubyen yon moun ki sanble gen konfizyon. Menm jan an, verifikasyon an kapab nesèsè si yon timoun menaj la oubyen yon vwazen di yon bagay ki pa koresponn a repons moun k ap reponn nan. Verifikasyon kapab nesèsè tou lè w wè poukont pa w yon bagay—pa egzanp byen konsomasyon dirab moun k ap reponn nan afime li pa posede, oubyen yon timoun k ap manje nan chanm lan ke yo pa konte kòm yon manm menaj la—ki sijere ke repons lan kapab pa kòrèk.

Dapre paj 13 *Mànyèl* la, « Ajan anketè a dwe asire li ke moun k ap reponn nan byen konprann kesyon ki poze a. Si sa nesèsè, anketè dwe ale pi lwen pandan li pote presizyon nan kesyon an, san toutfwa li pa elwànye li de espri kesyon sa a. Lè moun y ap ankete a byen konprann kesyon an, li gen kapasite pou li bay bon repons lan. Se pa wòl ajan anketè a pou li jije kalite repons lan. Toutfwa, anketè a kapab mande plis presizyon si li klè ke moun y ap ankete a pa konprann kesyon an epi poutèt sa li pa bay bon repons lan, nan ka sa a, fòk kesyon an repoze. Ajan anketè a kapab repoze yon kesyon tou si li wè a klè ke moun y ap ankete a twonpe tèt li. Pa egzanp, gen bèt nan lakou a epi moun y ap ankete a di li pa pratike elvaj, li nesèsè pou mande avèk koutwazi pou ki moun bèt yo ye. »

An jeneral, aplikasyon Griy Notasyon Povrete a dwe imite otan sa posib aplikasyon ECVMAS 2012 la ann Ayiti. Pa egzanp, se lakay moun y ap ankete a yo dwe kondui entèvyou a jan sa te fèt pandan ECVMAS 2012 la.

### **Tradiksyon Kesyonè a:**

Dapre paj 13 *Mànyèl* la, « Pou rive jwenn repons ki egzak, li enpòtan pou byen fòmile kesyon yo, sitou ke majorite moun yo pa pale franse, lang ke yo te konsevwa kesyonè a ladan l lan, se sa ki fè yo te fè yon tradiksyon epi gen yon vèsyon kreyòl ki a la dispozisyon ajan anketè a. »

Enstiti Ayisyen Estatistik ak Enfòmasyon te reyalize entèvyou ECVMAS 2012 yo an Kreyòl. Menm jan an, entèvyou Griy Notasyon Povrete yo ta dwe dewoule an Kreyòl.

### **Ki moun moun y ap ankete a dwe ye?**

Ou dwe note ke moun k ap reponn nan, li pa oblije yon manm menaj ki afilye a òganizasyon w lan.

Dapre paj 12 *Mànyèl* la, « Se chèf menaj la, mari/madanm li, oubyen yon lòt manm granmoun (adilt) nan menaj la ki kapab bay repons yo. Nan tout ka yo, tout pandan ranplisay kesyonè a, ou dwe poze kesyon a manm menaj la ki gen bon enfòmasyon an. »

Dapre paj 5 *Mànyèl* la, enfòmasyon yo, « se chèf menaj la ak lòt moun [manm menaj la] ki gen enfòmasyon apwopriye ki dwe founi yo prensipalman. . . . Moun y ap ankete pi plis la, an priyorite, fòk se moun ki pi byen enfòmè a. . . lòt manm menaj yo kapab, yo-menm tou, patisipe/bay kontribisyon yo pandan yo founi presizyon ak/oswa konpleman enfòmasyon. »

Dapre paj 3 *Mànyèl* la, « Se chèf menaj la ak/oswa lòt manm menaj la ki va founi enfòmasyon yo. »

Dapre paj 11 *Mànyèl* la, « Prensipal moun k ap reponn nan, an priyorite, fòk se chèf menaj la oubyen madanm li. »

Dapre paj 21 *Mànyèl* la, « *Chèf menaj* la, se moun ke lòt manm menaj la rekonèt kòm chèf menaj la. Leplisouvan, li gen otorite a ak pouvwa ekonomik lan nan menaj la. »



### **Responsabilite anketè a**

Dapre paj 3 *Mànyèl* la, « Siksè ankèt la depann prensipalman de kalite done yo ki ranmase sou teren an. Poutèt sa, fòk done yo ranmase yon fason egzak. Se poutèt sa li nesèsè pou ajan anketè yo konprann pafètman tout kesyon yo ki nan ankèt la. »

Dapre paj 4 *Mànyèl* la, « Dokiman sa a prezante kòm yon manyèl enstriksyon ke objektif li se fasilite epi amonize ranplisay kesyonè a. Ajan anketè yo dwe byen konprann konsèp ak definisyon ki itilize yo. Konsa, yo dwe konnen sa sa vle di, pa egzanp, yon *menaj*. Gen sèten konsèp ki relativman fasil pou konprann, gen lòt ki pi difisil ; men, nan tout ka yo, ajan yo dwe toujou refere yo a manyèl la [Gid sila a], se pa a ekperyans yo ke yo dwe refere yo : se pou rezon sa a ke yo konsevwa manyèl [Gid] sa a. »

Si direktiv sila a yo pa apwopriye, lè sa a itilize pwòp jijman pa w. Espesyalman, òganizasyon w lan pa ta dwe fikse okenn règleman ni konsiy pou entèpretasyon endikatè ak repons Griy Notasyon Povrete a, si règleman ak konsiy sa a yo pa twouve yo nan « Gid » sila a.

### **Konsèy pou kondui entèvyou a**

Dapre paj 8 a 10 *Mànyèl* la, « Pou rive jwenn bon jan enfòmasyon, yon ajan anketè dwe montre plizyè kalite, ladan yo, bon lizay, koutwazi, pasyans, ak espri lojik. Depi nan kòmansman an, anketè a dwe prezante tèt li bay menaj la, prezante li objektif ankèt la, epi rasire li konsènan lefèt ke enfòmasyon k ap ranmase yo, y ap rete konfidansyèl; enfòmasyon k ap sèvi sèlman pou fè estatistik. Espesyalman, ou pa dwe janm pale de entèvyou ki deja reyalize oubyen montre lòt ankètè oubyen sipèvizè a kesyonè ki ranpli, devan yon moun y ap ankete oubyen nenpòt ki lòt moun ki pa fè pati ekip ankèt la.

« Ajan anketè a dwe evite pale de pati politik yo ak pwoblèm politik yo.

« Kondi yon entèvyou avèk siksè se yon a e yo pa dwe konsidere konduit sa a kòm yon pwosede mekanik. Chak entèvyou se yon nouvo sous enfòmasyon, e yo dwe rann li enteresan e agreyab. Entèvyou a, se pa yon ankèt lapolis, se pito yon konvèsasyon ant ajan anketè a ak moun k ap reponn nan : premye a dwe konnen kijan pou l relanse kesyon yo si sa nesèsè pou rive jwenn repons ki gen presizyon. Nan sèten ka, ajan anketè a pral oblije eksplike moun k ap reponn nan kesyon yo, pandan l ap pran prekosyon, toutfwa, pou li pa janm elwànye li de konsèp ak definisyon kesyon an epi pandan l ap toujou respekte direktiv [Gid sa a].

« Anplis, anvan li aksepte ke yo entèvyouwe li, moun y ap ankete a kapab poze w kèk kesyon konsènan ankèt la oubyen fason ke yo te seleksyone li pou yo ankete l. Ou fèt pou w dirèk epi emab lè w ap reponn. Moun y ap ankete a kapab enkyete li tou konsènan konbyen tan entèvyou a pral dire. Nan ka sa a, presize pou li ke w dispoze retounen yon lòt lè si li pa disponib nan moman sa a pou reponn kesyon yo.

« Gen plizyè prensip ki dwe respekte pou amelyore kalite entèvyou a :

« *Konfidansyalite*. Prezans yon moun ki pa manm menaj la pandan entèvyou a, sa kapab anpeche w rive jwenn repons ki fran e onèt nan men moun y ap ankete a. Se poutèt sa li enpòtan anpil ke w kondui entèvyou a an prive epi ke tout kesyon yo resevwa yon repons ki vini de moun y ap ankete a li-menm.

« *Netralite*. Majorite moun gen bon lizay e yo gen tandans pou yo bay repons ke yo panse anketè a swete tande yo. Se poutèt sa li enpòtan pou rete net pandan entèvyou a. Ke se avèk ekspresyon vizaj li oswa ton vwa li, anketè a pa janm dwe bay moun y ap ankete a enpresyon ke li bay « bon » oswa « move » repons lan pou kesyon an.

« Anketè a pa dwe janm bay enpresyon li apwouve oswa dezapwouve yon repons moun y ap ankete a. Si repons yon moun y ap ankete pa apwopriye, ou pa dwe ede li pandan ou di yon bagay tankou « Mwen sipoze ke w vle di . . . . Pa vre ? ». Trè souvan, l ap dakò avèk entèpretasyon ou de repons li an, menm si se pa sa. Ou dwe pito repoze kesyon an, pandan ou mete plis espikasyon ladan li, petèt pandan ou pwopoze lis opsyon ki posib yo si opsyon yo fèt pou site.

« *Tak*. Nan sèten ka, moun y ap ankete a pral di tou senpleman « Mwen pa konnen », li va bay yon repons ki pa apwopriye, li va sanble anbete oswa pa enterese, li va fè yon deklarasyon ki kontrè a yon bagay li te di anvan, oswa li va refize reponn kesyon an. Nan ka sila a yo, ou dwe eseye renouvle enterè li pou konvèsasyon an lè w mete l an konfyans anvan ou poze pwochen kesyon an. Pase yon ti tan pandan w ap pale de bagay ki pa an rapò avèk ankèt la (pa egzanp, vil li a oswa vilaj li a, tan an, aktivite chak jou li yo, e latriye). Si moun y ap ankete a bay repons ki pa gen lojik youn pa rapò a lòt, pa kanpe li toudenkou oswa yon fason san lizay. Fòk ou koute li avèk lizay epi rekòmanse entèvyou a yon fason entèlijan nan kesyon kote li pa t bay yon repons ki lojik parapò a kesyon aktyèl la. Li enpòtan anpil pou pa anbarase moun y ap ankete a.

« *Ouvèti lespri*. Anketè a pa dwe gen ide ki deja tou fèt sou kapasite ak konesans moun y ap ankete a. Yon lòt bò, fòk ou raple w ke divèjans ant anketè a ak moun y ap ankete a kapab gen enflyans sou entèvyou a. Si moun y ap ankete a kwè ke anketè a an dezakò avèk li, li kapab mefye li de anketè a. Poutèt sa, anketè a dwe toujou konpòte li epi pale yon fason pou li mete moun y ap ankete a alèz.

« *Ritm.* Ou pa dwe kondui entèvyou a twò vit, ou dwe kondui li sou ton yon konvèsasyon pito. Kesyon yo dwe poze dousman pou moun y ap ankete a konprann byen sa y ap mande l la. Apre li fin poze yon kesyon, ajan an dwe tann epi bay moun y ap ankete a tan pou li reflechi. Si l santi y ap bouskile li oswa si yo pa pèmèt li fòmile pwòp opinyon li, li kapab reponn « Mwen pa konnen » oswa li kapab bay yon repons ki pa egzak. Si w panse moun y ap ankete a reponn san reflechi tou senpleman pou li kapab fè entèvyou a ale pi vit, di l konsa, « Nou pa prese. Repons ou an enpòtan anpil, poutèt sa, pran tan ki nesèsè a pou reponn avèk swen. »

« Nan fen entèvyou a, li konplètman obligatwa pou anketè a verifye chak kesyonè. Verifikasyon sa a dwe fèt anvan ou lese menaj la. Anketè a dwe asire li ke tout kesyon yo te poze. »

Dapre paj 12 *Mànyèl* la, « Objektif nenpòt ki ankèt se pou rive jwenn bon jan enfòmasyon ; sètzwouve ke sèten moun kapab mal pou reponn oubyen yo founi ransèyman ki pa egzak si yo poze yo kesyon an piblik. . . Yon fason jeneral, moun deyò (jouda) pa dwe suiv entèvyou yo. . . Lè gen lòt moun ki prezan anplis de moun y ap ankete a, ajan anketè a dwe mande yo ale, avèk lizay, oubyen li kapab travèse nan yon lòt pyès oswa nan yon lòt kote (yon kwen nan konsesyon an (lakou a)) avèk moun y ap ankete a. »

Dapre paj 13 *Mànyèl* la, « Pou rive jwenn repons ki egzak, ajan anketè a dwe trete moun k ap reponn nan avèk respè tou, epi sitou pa avèk kondesandans (lè w pran pòz ou se yon siperyè k ap fasilite moun nan). Si anketè a ta pran pou li jije tout repons moun y ap ankete a chak fwa, se ta va yon mank respè e li ta mete moun y ap ankete a malalèz. Poutèt sa, depi nan kòmansman, fòk nou konsidere ke konfyans ki tabli avèk moun y ap ankete a vin fè nou rive jwenn bon jan repons yo, depi moun y ap ankete a konprann kesyon an. Ou pa dwe non plis pran libète pou reentèprete repons moun k ap reponn nan bay yo.

« Sa ka rive ke yon moun y ap ankete refize reponn yon kesyon. Nan ka sa a, ajan anketè a raple li tou senpleman ke youn nan karakteristik ankèt [òganizasyon w lan] ap kondui yo, se konfidansyalite, epi li enpòtan ke tout kesyon yo reponn. »

Dapre paj 14 *Mànyèl* la, « Nan sèten ka, premye repons ke moun y ap ankete a bay se « Mwen pa konnen ». Anketè a pa dwe toujou kontante li de repons sa a ki bay la ; li dwe ale pi fon nan kesyon an pou l ka rive jwenn bon repons lan. Gen plizyè sitiyasyon ki posib :

- Moun k ap reponn nan kapab bay repons sa a pou li pran tan pou l reflechi pou l jwenn bon repons lan. Lè sa a, anketè a ba li tan ki nesèsè a pandan li ankouraje li pou li panse a sa.
- Moun k ap reponn nan bay repons sa a paske li pa sèten de bon repons lan
- Petèt ke moun k ap reponn nan reponn nan plas yon lòt manm menaj la. Nan ka sa a, fòk ou chèche repons lan nan men bon moun nan »

## Direktiv osijè endikatè espesifik griy la

1. Nan ki departman fanmi\* an abite ?
  - A. Lwès, oswa Grandans
  - B. Sant, oswa Nòdès
  - C. Nòdwès, oswa Sid
  - D. Latibonit, oswa Nip
  - E. Nò, oswa Sidès

Pa poze moun k ap reponn nan kesyon an dirèkteman amwenske ou (ajan anketè a) pa fin sèten konsènan departman kote menaj la abite a.

2. Konbyen moun fanmi\* an genyen ?

- A. Uit oswa plis
- B. Sèt
- C. Sis
- D. Senk
- E. Kat
- F. Twa
- G. Youn, oswa de

Pa poze moun k ap reponn nan kesyon an dirèkteman. Ekri repons lan pito pandan w baze w sou enfòmasyon ou deja rive jwenn sou manm menaj la nan « Pòsyon fòmilè ki nan do fèy la ».

Dapre paj 6 a 7 *Mànyèl* la, *menaj* la « se tout moun ki paran oubyen ki pa paran ki viv òdinèman nan yon menm lojman, ki mete resous yo ansanm, ki manje nan menm manje ki prepare a, e ki rekonèt otorite menm moun nan ke yo rele *chèf menaj la*.

« Yon menaj fòme avèk swa yon moun (pa egzanp yon etidyan ki lwe yon chanm poukont li), swa plizyè moun. Nan dènye ka sa a, menaj la fòme leplisouvan avèk mari a, madanm li/madanm li yo, pitit li/pitit li yo, avèk lòt moun oubyen san lòt moun ki sou responsabilite li (manm menaj, zanmi, domestik, elatriye). Menaj la kapab fòme tou avèk moun k ap viv ansanm e ki pa gen okenn lyen fanmi ant yo (pa egzanp de zanmi selibatè ki lwe yon estidyo).

« Note byen : Nou pa dwe konfonn *menaj* la ak *fanmi* an. Se konsa, nan ka estrikti sosyal konplèks yo, yon sèl fanmi an kapab gen plizyè menaj ladan li. Men kèk egzanp :

- Yon manm fanmi pwòch (pa egzanp, yon pitit gason ki etidyan toujou) ki pa viv ankò nan lojman chèf menaj la, li fòme yon menaj a pa, menm si li konn vin manje avèk fanmi an pafwa
- Yon pitit gason, avèk oswa san madanm li, ki abite nan konsesyon (lakou) papa li a, li fòme yon menaj apa lè li jere resous li yo yon fason endepandan epi li manje pwòp manje pa li yo ki prepare, menm si pafwa de menaj yo reyini pou pataje yon manje ki prepare. Toutfwa, si de gwoup yo mete resous yo ansanm epi yo pataje menm manje ki prepare yo, lè sa a, yo fòme yon sèl menaj
- Lè nan menm konsesyon an (lakou), se yon sèl pitit gason an ki bay paran yo manje, paran yo fè pati de menaj pitit gason an. Nan yon lòt ka kote se plizyè nan pitit gason yo ki bay paran yo manje, paran yo fè pati de menaj pitit gason ki pi gran an.
- Si nan menm konsesyon an (lakou) gen plizyè frè k ap viv ansanm, yo chak gen madanm (yo) ak pitit (yo) epi yo pa mete resous yo ansanm pou prepare manje yo, epi/oubyen si chak madanm prepare manje, yon fwa se youn nan madanm yo, yon fwa se yon lòt, chak madanm nan tou pa li, avèk resous mari li, chak gwoup fòme yon menaj apa menm si tout moun toujou reyini ansanm pou manje manje ki prepare yo
- Selibatè yo (aleksepsyon militè nan kazèn yo ak elèv nan kantin lekòl yo) k ap viv nan menm inite abitasyon an, yo fòme yon sèl menaj si yo pataje manje ki prepare yo
- Yon gason ki gen plizyè madanm epi tout madanm yo pa abite nan menm konsesyon an (lakou), y ap konte gason sa a kòm chèf menaj [nan youn nan menaj madanm li yo sèlman]

« Note byen. Jounen jodi, sanble gen yon fenomèn eklatman manm menaj yo nan Pòtoprens. Gen nan manm menaj yo ki ta va prezan nan kan yo pou gen aksè a sèvis ak byen k ap distribye yo. Gen lòt estrateji, se ta lwe kat pou resevwa manje a, oubyen peye yon moun pou li tann nan kan an nan plas mèt kat la lè gen distribisyon byen oubyen manje. Anplis, ta sanble ke mank dokimantasyon sou papye tè yo, sa vin fè gen estrateji pou siveye lojman ki kraze a oswa ki kraze an pati a. Se poutèt sa, ann aparans gen de kalite abita/domisil/fwaye kote manm menaj yo ale pou reyalize diferan kalite travay (ranmase manje, siveyans, rezo sosyal, e latriye)

« Yon *manm menaj la* se yon moun ki abite òdinèman nan menaj la. Yon endividi abite òdinèman nan menaj la nan de sitiyasyon :

- L ap viv nan menaj sa a depi omwen 6 mwa
- Li te rive nan menaj la depi mwens pase 6 mwa, men li gen entansyon pou li rete ladan pandan omwen 6 mwa

« Egzanp :

- Pyè te rive nan yon menaj an septanm (nou sipoze ke ajan anketè a pase an novanm) pou li kontinye etid li. L ap viv nan menaj la depi de mwa sèlman, men li pral viv nan menaj la pandan omwen yon ane lekòl. Poutèt sa, li se yon manm menaj la.
- Mari, ki t ap viv Senmak, li marye avèk Aleksi k ap viv Pòtoprens. Mari te vini pou maryaj la depi de semèn sèlman, se konsa li vin abite avèk mari li. Mari se yon manm menaj la.

« Yon moun ki nan yon menaj pou mwens pase 6 mwa se yon *vizitè* [e li pa yon manm menaj la]. Pa egzanp, manman Mari te vin asiste maryaj pitit fi li, epi li pral rete pandan twa semèn. Manman Mari se yon *vizitèz*. »

Dapre kesyon E3 *Kesyonè* a, nenpòt ki moun ki te absan nan menaj la pandan plis pase twa mwa, yo pa dwe konte moun sa a kòm yon manm menaj la.



Règ ki anwo la a yo pa ase pou detèmine si yon moun se manm yon menaj ki konsidere, nan sèten ka kouran. Echanj sou ka ki konsa yo avèk IHSI te vin kondui a definisyon règ anplis sa a yo :

- Yon moun manm yon sèl (e sèlman yon) menaj
- Timoun ki manje oswa dòmi (men pa toulède alafwa) nan menaj paran yo/moun ki responsab yo, yo manm menaj paran yo/moun ki responsab yo
- Yon moun ki te dòmi epi manje nan plis pase yon menaj ki gen plizyè manm pandan twa dènye mwa yo, li manm menaj ke li te bay èd ekonomik pi plis la oubyen li manm menaj ki te ba li pi plis èd ekonomik la
- Yon moun ki viv e ki manje òdinèman poukont li oubyen nan yon kad ki diferan de kad yon menaj tankou kazèn militè yo, entèna yo, oubyen pansyon fanmi yo epi ki bay yon èd ekonomik a (oswa ki resevwa yon èd ekonomik nan men) yon lòt menaj ke li gen yon lyen fanmi oswa yon lyen maryaj avèk li, moun sila a, li manm menaj ke li gen yon lyen konsa avèk li a.
- Yon moun ki pa dòmi ni manje nòmalman avèk yon menaj, li manm menaj sa a si (e sèlman si) tout kondisyon nou pral di la a yo reyini :
  - Li bay menaj la yon èd ekonomik, *oubyen* li resevwa yon èd ekonomik nan men menaj la
  - Li pa manm yon lòt menaj epi kòm yon endividi, li pa endepandan/okipe tèt li poukont li
  - Li te prezan fizikman nan rezidans menaj la omwen yon fwa pandan twa dènye mwa ki sot pase yo

Yo te aplike règ sa a yo anba la a a sèten ka ki pran kòm egzanp.

- Yon manm granmoun (adilt) yon menaj k ap viv nan zòn riral ap travay Pòtoprens, kote li dòmi epi li manje nan yon pansyon fanmi. Li voye lajan lakay li pou ede menaj riral « kote li soti a ». Pafwa tou, li vizite menaj « kote li soti a » pandan yon peryòd ki etann li sou jiska yon semèn anvan li retounen travay Pòtoprens. Yo konte li kòm manm menaj riral « kote li soti a » osi lontan ke li konn ap vizite menaj sila a pandan twa dènye mwa ki sot pase yo.
- Yon domestik manje epi li dòmi nan menaj kote l ap travay la pandan semèn nan, men li retounen ledimanch nan menaj kote rès fanmi l lan ye a. Li pataje yon pati nan salè li avèk menaj kote fanmi li ye a. Yo konte li kòm manm menaj « ke li vizite ledimanch lan », se pa kòm manm menaj ki anplwaye li a yo konte li
- Yon timoun frekante yon entèna nan Pòtoprens, men paran li yo ap viv nan yon ti vil a yon distans 50km. Timoun nan abite kay yon matant li Pòtoprens e li vizite paran li yo sèlman pandan vakans lekòl yo. Paran li yo peye frè eskolarite yo epi yo bay matant li yon sòm lajan pou ede li parapò a frè ebèjman ak pansyon alimantè timoun nan. Yo konte timoun nan kòm yon manm menaj paran li yo, se pa kòm yon manm menaj matant li an yo konte li.
- Yon nonm gen de madanm k ap viv nan de menaj diferan. Nonm lan bay toulède menaj yo èd lajan. Li vizite de menaj yo ase souvan e li manje nan de menaj yo, men li dòmi sèlman nan menaj youn nan madanm li yo. Nonm lan manm menaj kote li manje e dòmi an menm tan an e li pa manm menaj kote li manje sèlman an.
- Yon timoun manje regilyèman nan yon menaj ki tou pre men li retounen chak swa pou l al dòmi nan menaj paran li yo. Yo konte li kòm manm menaj paran li yo, se pa kòm manm menaj kote li manje regilyèman an ke yo konte li.
- Yon pitit ki granmoun (adilt) vwayaje aletranje pou l travay e li pa rantre depi de zan. Li voye lajan souvan pou ede menaj « kote li soti a » ann Ayiti. Li pa manm menaj « kote li soti a » paske li pa t prezan ladan li pandan twa dènye mwa ki sot pase yo
- Yon pitit ki granmoun (adilt) te kite milye riral la pou l ale Pòtoprens kote li jwenn travay, li marye, e li fonde yon fanmi. Li voye lajan chak mwa pou ede menaj riral « kote li soti a ». Jou entèvyou notasyon an, sètjouve ke li t ap vizite menaj riral « kote li soti a » Li pa manm menaj riral « kote li soti a » paske li deja manm yon lòt menaj.

3. Nan semèn ki sot pase a, konbyen manm fanmi\* an ki gen 10 lane e plis ki te travay menm si se te sèlman yon sèl èdtan ?
- A. Okenn
  - B. Youn
  - C. De oswa plis

Pa poze moun k ap reponn nan kesyon an dirèkteman. Pito w ekri repons lan pandan w baze w sou enfòmasyon ke w te deja rive jwenn sou eta travay chak manm menaj la ki gen 10 lane e plis nan « Pòsyon fòmilè ki nan do fèy la ».

Dapre paj 76 *Mànyèl* la, « La a, *travay* la se lè yon moun ap mennen yon aktivite ekonomik. »

Dapre paj 70 *Mànyèl* la, « [*travay* la, se] aktivite ekonomik lan. Dapre Biwo Entènasyonal Travay, *aktivite ekonomik* vle di founi mendèv pou pwodiksyon byen ak sèvis. Nosyon *aktivite* ki retni an fè referans a konsèp ekonomik pwodiksyon an jan yo defini li nan SCN 93 : « aktivite a gen pou objektif pwodui byen ak sèvis, komèsyal ou pa komèsyal, pou kapab jwenn yon salè oubyen yon lajan yo peye pou travay la, an lajan oubyen ann objè (anplwa ki peye) oubyen nan objektif pou jwenn yon benefis oswa yon bagay ke fanmi an pral rive jwenn (anplwa ki pa peye) »

Dapre paj 71 *Mànyèl* la, « Tablo ki pral vini la a, li prezante aktivite ki kapab klase nan gwoup *aktivite ekonomik* yo [travay] epi aktivite ki konsidere kòm *pa ekonomik* [ki pa konsidere kòm travay] :

<b><u>Aktivite ekonomik</u></b> <b><u>[travay]</u></b>	<b><u>Aktivite ki pa ekonomik</u></b> <b><u>[ki pa konsidere kòm travay]</u></b>
Travay domestik ki peye	Reyalize aktivite domestik pou menaj la san yo pa peye w
Mache ranmase fatra pou vann	Pran swen moun ki malad yo, enfim yo, granmoun pèsanaj yo oubyen timoun yo (ki nan menaj la oubyen nan fanmi an) san yo pa peye w
Anbale pwodui oubyen pote yo pou kliyan pou yo kapab ba w yon tep	Mande lacharite oubyen nenpòt aktivite ki gen objektif pou rive jwenn yon don
Ede nan aktivite agrikòl yo (plantasyon/simen, rekòt) nan kad yon <i>konbit</i> oswa yon <i>envitasyon</i> san yo pa peye w (eksepte manje)	Resevwa revni apati patrimwàn nan (lwaye yon kay oswa yon teren, enterè yon lajan ou prete yon lòt moun, dividann ki vini de yon envestisman) san w pa fè okenn lòt bagay ke resevwa revni sa a yo
Patisipe nan aktivite agrikòl yo (plantasyon/simen, rekòt) nan kad òganizasyon travay ki peye ( <i>eskwad, ranpono, douvanjou, sori</i> )	Vann byen w yo oswa mete yo nan plàn
Fè sèvis sosyal ou nan kad etid ou ( doktè, pa egzant) san yo pa peye w	Konstwi oswa repare lojman w lan
Aktivite pou kapab konsome pwodui yo ou-menm nan sektè agrikòl la	Rann kominote a sèvis gratis
Founi sèvis seksyèl	Fè moun ba w lajan avèk vyolans oubyen avèk riz, fwod, oswa ranson

Pa limite aktivite yo initilman a aktivite ki koresponn a definisyon *travay* sila a. Pa egzanp, ou pa dwe sipoze ke yon aktivite pwodiktif konsidere kòm travay sèlman si yo peye li an lajan. Lè nou gade avèk anpil atansyon epi lè nou fè yon refleksyon lojik parapò a règ ki anwo la a yo, sa fè nou fè konklizyon ke pou objektif ki vize la a yo, tout aktivite nou pral di anba la a yo konsidere kòm yon *travay* :

- Aktivite komèsyal (tankou fè fonksyone yon ti boutik nenpòt ki gwosè)
- Anplwaye pwòp tèt pa w (nan agrikilti oubyen sektè ki pa agrikòl)
- Travay ki pa peye nan antrepriz fanmi an (tankou yon pitit gason k ap travay kòm kesye nan yon boutik fanmi an san yo pa vrèman peye li yon kòb)
- Apranti
- Travay oswa biznis ki fèt tanzantan oswa selon sezon an (si li te fèt pandan sèt dènye jou ki sot pase yo)

Dapre paj 54 *Mànnyèl la*, « Y ap chèche jwenn laj moun nan an kantite ane ki konplè, sa vle di laj li nan moman dènye anivèsè li a. »

Pa chèche pou w kapab sèten a san pou san oswa chèche yon prèv lè w ap mande laj yo. Pou objektif ke kesyon sa a vize yo, presizyon an enpòtan sèlman pou manm menaj la ke laj yo tou pre 10 lane. Leplisouvan, timoun yo yo-menm ak paran yo/moun ki responsab yo, yo konnen laj timoun sila a yo yon fason sèten.

4. Nan semèn ki sot pase a, fanm ki chèf fanmi\* an oubyen madanm chèf fanmi\* an, èske li te travay menm si se te sèlman yon sèl èdtan ?
- A. Non
  - B. Wi
  - C. Pa gen fanm ki chèf fanmi\* ni madanm chèf fanmi\*

Pa poze moun k ap reponn nan kesyon an dirèkteman. Pito w ekri repons lan pandan w baze w sou enfòmasyon ke w te deja rive jwenn sou eta travay fanm ki chèf fanmi\* an oubyen madanm chèf fanmi\* an nan « Pòsyon fòmilè ki nan do fèy la ».

Dapre paj 21 *Mànyèl* la, « *Chèf menaj* la, se moun ke lòt manm menaj la rekonèt kòm chèf menaj la. Leplisouvan, li gen otorite a ak pouvwa ekonomik lan nan menaj la. »

Dapre Griy Notasyon Povrete a, *fanm ki chèf menaj la oswa madanm chèf menaj la* se :

- Chèf menaj la, nan ka ke chèf menaj la se yon fanm
- Madanm chèf menaj la, nan ka ke chèf menaj la se yon gason
- Li pa egziste, nan ka ke chèf menaj la se yon gason epi li pa gen yon madanm ki manm menaj la

Dapre paj 76 *Mànyèl* la, « La a, *travay* la se lè yon moun ap mennen yon aktivite ekonomik. »

Dapre paj 70 *Mànyèl* la, « [*travay* la, se] aktivite ekonomik lan. Dapre Biwo Entènasyonnal Travay, *aktivite ekonomik* vle di founi mendèv pou pwodiksyon byen ak sèvis. Nosyon *aktivite* ki retni an fè referans a konsèp ekonomik pwodiksyon an jan yo defini li nan SCN 93 : « aktivite a gen pou objektif pwodui byen ak sèvis, komèsyal ou pa komèsyal, pou kapab jwenn yon salè oubyen yon lajan yo peye pou travay la, an lajan oubyen ann objè (anplwa ki peye) oubyen nan objektif pou jwenn yon benefis oswa yon bagay ke fanmi an pral rive jwenn (anplwa ki pa peye) »

Dapre paj 71 *Mànyèl* la, « Tablo ki pral vini la a, li prezante aktivite ki kapab klase nan gwoup *aktivite ekonomik* yo [travay] epi aktivite ki konsidere kòm *pa ekonomik* [ki pa konsidere kòm travay] :

<b><u>Aktivite ekonomik</u></b> <b><u>[travay]</u></b>	<b><u>Aktivite ki pa ekonomik</u></b> <b><u>[ki pa konsidere kòm travay]</u></b>
Travay domestik ki peye	Reyalize aktivite domestik pou menaj la san yo pa peye w
Mache ranmase fatra pou vann	Pran swen moun ki malad yo, enfim yo, granmoun pèsonej yo oubyen timoun yo (ki nan menaj la oubyen nan fanmi an) san yo pa peye w
Anbale pwodui oubyen pote yo pou kliyan pou yo kapab ba w yon tep	Mande lacharite oubyen nenpòt aktivite ki gen objektif pou rive jwenn yon don
Ede nan aktivite agrikòl yo (plantasyon/simen, rekòt) nan kad yon <i>konbit</i> oswa yon <i>envitasyon</i> san yo pa peye w (eksepte manje)	Resevwa revni apati patrimwàn nan (lwaye yon kay oswa yon teren, enterè yon lajan ou prete yon lòt moun, dividann ki vini de yon investisman) san w pa fè okenn lòt bagay ke resevwa revni sa a yo
Patisipe nan aktivite agrikòl yo (plantasyon/simen, rekòt) nan kad òganizasyon travay ki peye ( <i>eskwad, ranpono, douvanjou, sori</i> )	Vann byen w yo oswa mete yo nan plàn
Fè sèvis sosyal ou nan kad etid ou ( doktè, pa egzanp) san yo pa peye w	Konstwi oswa repare lojman w lan
Aktivite pou kapab konsome pwodui yo ou-menm nan sektè agrikòl la	Rann kominote a sèvis gratis
Founi sèvis seksyèl	Fè moun ba w lajan avèk vyolans oubyen avèk riz, fwod, oswa ranson

Pa limite aktivite yo initilman a aktivite ki koresponn a definisyon *travay* sila a. Pa egzanp, ou pa dwe sipoze ke yon aktivite pwodiktif konsidere kòm travay sèlman si yo peye li an lajan. Lè nou gade avèk anpil atansyon epi lè nou fè yon refleksyon lojik parapò a règ ki anwo la a yo, sa fè nou fè konklizyon ke pou objektif ki vize la a yo, tout aktivite nou pral di anba la a yo konsidere kòm yon *travay* :

- Aktivite komèsyal (tankou fè fonksyone yon ti boutik nenpòt ki gwosè)
- Anplwaye pwòp tèt pa w (nan agrikilti oubyen sektè ki pa agrikòl)
- Travay ki pa peye nan antrepriz fanmi an (tankou yon pitit gason k ap travay kòm kesye nan yon boutik fanmi an san yo pa vrèman peye li yon kòb)
- Apranti
- Travay oswa biznis ki fèt tanzantan oswa selon sezon an (si li te fèt pandan sèt dènye jou ki sot pase yo)

Dapre paj 54 *Mànnyèl la*, « Y ap chèche jwenn laj moun nan an kantite ane ki konplè, sa vle di laj li nan moman dènye anivèsè li a. »

Pa chèche pou w kapab sèten a san pou san oswa chèche yon prèv lè w ap mande laj yo. Pou objektif ke kesyon sa a vize yo, presizyon an enpòtan sèlman pou manm menaj la ke laj yo tou pre 10 lane. Leplisouvan, timoun yo yo-menm ak paran yo/moun ki responsab yo, yo konnen laj timoun sila a yo yon fason sèten.



5. Fanm ki chèf fanmi\* an oswa madanm chèf fanmi\* an, èske li konn li ak ekri ?
- Non
  - Wi
  - Pa gen fanm ki chèf fanmi\* ni madanm chèf fanmi\*

Dapre paj 51 *Mànyèl* la, « Moun nan dwe konn li tout bon, se pa resite pou li resite pa kè yon tèks li te aprann. »

Pandan nou baze nou sou lojik/bon sans ak retou ki vini de echanj ki fèt avèk IHSI, nou dwe itilize direktiv an plis sa a yo :

- An jeneral (tankou pou tout kesyon griy notasyon yo) ou ta dwe aksepte repons moun k ap reponn nan san okenn dout oswa jijman
- Si moun k ap reponn nan sanble li pa konprann, oubyen si repons li bay la pa klè (pa egzanp, li pa di « Non » oubyen « Wi » men pito « Mwen kapab ekri non mwen » oubyen li fikse w timidman san li pa di anyen), nan ka sa a, mande li : « Si yon zanmi voye yon ti lèt oswa yon memo tou kout pou ou, èske w ap ka li l ? Epi èske w ta kapab ekri yon ti lèt oswa yon memo tou kout pou reponn zanmi w lan ? » Si repons ou rive jwenn nan se pa « Wi » ak « Wi », nan ka sa a, konsidere ke moun sa a pa konn li ak ekri
- Pou konsidere repons « Wi » a pou kesyon sa a, moun nan dwe konn e li e ekri alafwa, pa sèlman youn oubyen lòt.
- Pandan ke konn li pa enplike nesèsèman konn ekri, konn ekri enplike konn li. Kòm konsekans, si moun k ap reponn nan di ke moun nan konn li, ou ta dwe mande l tou si moun nan konn ekri tou, men si moun k ap reponn nan di ke moun nan konn ekri, ou kapab sipoze ke moun nan konn li tou.
- Konn ekri non w pa enplike nesèsèman ke w konn ekri, tankou kapab fredone yon sèl nòt pa enplike ke w kapab chante. Konn ekri, sa pi plis pase konn ekri malman kèk mo ke w te memorize.
- Kesyon an konsène kapasite aktyèl moun nan pou l li ak ekri. Pa sipoze ke yon moun konn li ak ekri jodi a sèlman paske li te ale lekòl oubyen li te suiv kou alfabetizasyon nan tan pase yo.
- Si w gen yon dout, mande èske moun nan kapab li yon ti lèt tou kout ke yon zanmi voye pou li epi ekri yon ti repons tou kout. Annik mande yon fason vèbal si moun nan kapab fè sa ; pa egzije ke moun nan li epi ekri kòrèkteman yon lèt reyèl kounye a, sou plas.

Dapre paj 21 *Mànyèl* la, « *Chèf menaj* la, se moun ke lòt manm menaj la rekonèt kòm chèf menaj la. Leplisouvan, li gen otorite a ak pouvwa ekonomik lan nan menaj la. »

Dapre Griy Notasyon Povrete a, *fanm ki chèf menaj la oswa madanm chèf menaj la* se :

- Chèf menaj la, nan ka ke chèf menaj la se yon fanm
- Madanm chèf menaj la, nan ka ke chèf menaj la se yon gason
- Li pa egziste, nan ka ke chèf menaj la se yon gason epi li pa gen yon madanm ki manm menaj la

Sonje ke w deja konnen prenon fanm ki chèf menaj la oswa madanm chèf menaj la (si li egziste) apati de nòt ke w te pran yo lè w t ap ranpli « Pòsyon fòmilè ki nan do fèy la ». Kòm konsekans, si gen yon fanm ki chèf menaj oswa madanm chèf menaj la, tanpri, pa poze kesyon an machinalman : « Fanm ki chèf fanmi\* an oswa madanm chèf fanmi\* an, èske li konn li ak ekri ? », itilize pito prenon fanm ki chèf menaj la/madanm chèf menaj la, tankou pa egzanzp : « Èske Mari konn li ak ekri ? ». Si pa gen yon fanm ki chèf menaj oswa madanm chèf menaj la, ebyen tanpri, pa li kesyon an pou moun y ap ankete a, epi kontante w annik make repons « C. Pa gen fanm ki chèf fanmi\* ni madanm chèf fanmi\* » epi pase nan kesyon ki vini apre a.

6. Gason ki chèf fanmi\* an, èske li konn li ak ekri ?
- A. Non
  - B. Pa gen gason ki chèf fanmi\*
  - C. Wi

Dapre paj 51 *Mànyèl* la, « Moun nan dwe konn li tout bon, se pa resite pou li resite pa kè yon tèks li te aprann. »

Pandan nou baze nou sou lojik/bon sans ak retou ki vini de echanj ki fèt avèk IHSI, nou dwe itilize direktiv an plis sa a yo :

- An jeneral (tankou pou tout kesyon griy notasyon yo) ou ta dwe aksepte repons moun k ap reponn nan san okenn dout oswa jijman
- Si moun k ap reponn nan sanble li pa konprann, oubyen si repons li bay la pa klè (pa egzanp, li pa di « Non » oubyen « Wi » men pito « Mwen kapab ekri non mwen » oubyen li fikse w timidman san li pa di anyen), nan ka sa a, mande li : « Si yon zanmi voye yon ti lèt oswa yon memo tou kout pou ou, èske w ap ka li l ? Epi èske w ta kapab ekri yon ti lèt oswa yon memo tou kout pou reponn zanmi w lan ? » Si repons ou rive jwenn nan se pa « Wi » ak « Wi », nan ka sa a, konsidere ke moun sa a pa konn li ak ekri
- Pou konsidere repons « Wi » a pou kesyon sa a, moun nan dwe konn e li e ekri alafwa, pa sèlman youn oubyen lòt.
- Pandan ke konn li pa enplike nesèsèman konn ekri, konn ekri enplike konn li. Kòm konsekans, si moun k ap reponn nan di ke moun nan konn li, ou ta dwe mande l tou si moun nan konn ekri tou, men si moun k ap reponn nan di ke moun nan konn ekri, ou kapab sipoze ke moun nan konn li tou.
- Konn ekri non w pa enplike nesèsèman ke w konn ekri, tankou kapab fredone yon sèl nòt pa enplike ke w kapab chante. Konn ekri, sa pi plis pase konn ekri malman kèk mo ke w te memorize.
- Kesyon an konsène kapasite aktyèl moun nan pou l li ak ekri. Pa sipoze ke yon moun konn li ak ekri jodi a sèlman paske li te ale lekòl oubyen li te suiv kou alfabetizasyon nan tan pase yo.
- Si w gen yon dout, mande èske moun nan kapab li yon ti lèt tou kout ke yon zanmi voye pou li epi ekri yon ti repons tou kout. Annik mande yon fason vèbal si moun nan kapab fè sa ; pa egzije ke moun nan li epi ekri kòrèkteman yon lèt reyèl kounye a, sou plas.

Dapre paj 21 *Mànyèl* la, « *Chèf menaj* la, se moun ke lòt manm menaj la rekonèt kòm chèf menaj la. Leplisouvan, li gen otorite a ak pouvwa ekonomik lan nan menaj la. »

Dapre Griy Notasyon Povrete a, *gason ki chèf menaj la* se :

- Chèf menaj la, nan ka ke chèf menaj la se yon gason
- Mari chèf menaj la, nan ka ke chèf menaj la se yon fi
- Li pa egziste, nan ka ke chèf menaj la se yon fi epi li pa gen yon mari ki manm menaj la

Sonje ke w deja konnen prenon gason ki chèf menaj la oswa mari fanm ki chèf menaj la (si li egziste) apati de nòt ke w te pran yo lè w t ap ranpli « Pòsyon fòmilè ki nan do fèy la ». Kòm konsekans, si gen yon gason ki chèf menaj oswa mari fanm ki chèf menaj la, tanpri, pa poze kesyon an machinalman : « Gason ki chèf fanmi\* an, èske li konn li ak ekri ? », itilize pito prenon gason ki chèf menaj la/mari fanm ki chèf menaj la, tankou pa egzanp : « Èske Pyè konn li ak ekri ? ». Si pa gen yon gason ki chèf menaj oswa mari fanm ki chèf menaj la, ebyen tanpri, pa li kesyon an pou moun y ap ankete a, epi kontante w annik make repons « B. Pa gen gason ki chèf fanmi\* » epi pase nan kesyon ki vini apre a.

7. Ak ki materyo ou plis wè tèt kay la fèt ?
- A. San tèt (kanpman), oswa tach/pay
  - B. Tòl, oswa plastik
  - C. Siman/beton, til/adwaz, oswa lòt

Dapre paj 32 *Mànyèl* la, « Li pa nesèsè pou poze kesyon sa a : ou-menm anketè a, ou dwe chwazi yon opsyon repons apati pwòp obsèvasyon pa w .»

« Apre li fin obsève lojman an avèk swen, anketè a dwe idantifye materyo tèt kay la epi endike kiyès nan materyo sa a yo ki pi prezan nan konpozisyon tèt kay la. »

« Ou dwe retni opsyon *Lòt* la sèlman si li konplètman enposib pou chwazi youn nan lòt opsyon yo. »

Si menaj la abite nan yon kan (« kanpman an tant » oubyen « kanpman annabri pwovizwa »), sèke repons « A. San tèt (kanpman), oswa tach/pay », san w pa pran an kont veritab materyo tèt kay la.

Si w oblije poze moun k ap reponn nan kesyon sa a, ebyen note ke—tankou nan ka kesyon 8 ak 9 kontrèman a ka tout lòt kesyon yo—ou kapab li opsyon repons yo mo pou mo pou moun k ap reponn nan si w panse ke sa pral ede pou rive jwenn yon done ki pi kòrèk (paj 40 *Mànyèl* la).

Dapre paj 14 *Mànyèl* la, « Pou sèten kesyon, moun k ap reponn nan dwe chwazi yon repons sou yon lis. Se moun k ap reponn nan ki dwe chwazi opsyon ki koresponn a repons li an. Ajan anketè a pa gen pou li sijere li repons lan a klè. Lè moun k ap reponn nan pa chwazi, anketè a li yon fwa ankò tout opsyon yo, anvan li mande moun k ap reponn nan kisa ki koresponn a repons li an. Li pa dwe li yon pati sèlman nan repons ki posib yo paske se ta va defòme (byeze) rezilta yo. »

8. Ki bò fanmi\* an plis pran dlo pou l bwè ?

